Утверждаю

Х.И.

# КВН

## Тема;

## "Меседил мугьал"

6 кл

## Авар адабияталъул лъай борциналъул тестал.

1. **Хъвай-хъваг1ай бижун хабуб бижараб, жиндир авторги вугев, кагътида хъвараб художествияб каламалда абула:**
   а) фольклор
   б) адабият
   в) эпитет
   г) лъаларо.

2. **Вук1анила, вук1инч1ила цо парччах1илан кинаб асар байбихьулеб:**
   а) Къайицадахъал,
   б) Муг1рузул Г1али,
   в) Ралъдал чу,
   г) лъаларо.

3. **Асаралъулъ бицен гьабулеб ишалъул яги багьадурасул хасият сипатияб къаг1идаялъ ц1акъго к1одо гьабун бихьизабиялда абула:**
   а) олицетворение,
   б) адабият,
   в) гипербола,
   г) лъаларо.

1. **«Бецаб сапар» абураб асар хъвана:**
   а) Инхоса Г1алих1ажияс,
   б) Зайирбег Г1алихановас,
   в) Расул Х1амзатовас,
   г) лъаларо.

2. **Г1умарх1ажи Шахтаманов гьавуна ва хвана:**
   а) 1923-1990с.
   б) 1933-1989с.
   в) 1918-1975с.
   г) лъаларо.

3. **Г1умарх1ажи Шахтамановас хъвана:**
   а) «Будун дандамаги»
   б) «Халкъалъул ццин»
   в) «Нилъералго рицине бегьуларо».

4. **Инхоса Г1алих1ажияв гьавуна ва хвана:**
   а) 1833-1892с.
   б) 1846-1891с.
   в) 1842-1891с.
   г) лъаларо.

## ТЕСТ № 2

**1. Союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ запятая кида лъолеб?**

а) Интонациялъул бакIалда дандеккунгутIиялъул союзал (амма, кинниги) лъезе бегьулел ругони.

б) ГIадатал предложенияз хехаб хиса-баси бичIчIизабулеб бугони.

в) Гьоркьоса рахъиялъул союзал лъезе бугьулел ругони.

г) Цолъиялъул союзал (ва, -ги,) лъезе бугьулел ругони.

**2. Союз гьечIеб жубараб предложениялъулъ кIитIанкI кида лъолеб?**

а) ГIадатал предложениязда гьоркьор цолъиялъул союзал лъезе бегьулел ругони.

б) ГIадатал предложенияз цоцазе гIаксаб магIна кьолеб бугони.

в) ГIадатал предложениязул цоялъ гьоркьоса бахъиялъул магIна загьир гьабулеб бугони.

г) ГIадатал предложениязул цоялъ цебеселъул ишалъе гIилла, яги цебеселда бицунеб жо жеги гIатIидго баян гьабулеб бугони.

**3. Гьаб предложениялда жаниб лъалхъул ишара битIун лъураб тIасабище.**

а) Сидратида щибго бихьулеб букIинчIо, цIакъ бецIаб сордо букIана.

б) Сидратида щибго бихьулеб букIинчIо—цIакъ бецIаб сордо букIана.

в) Сидратида щибго бихьулеб букIинчIо: цIакъ бецIаб сордо букIана.

г) Сидратида щибго бихьулеб букIинчIо; цIакъ бецIаб сордо букIана.

**4. Союз гьечIеб, жубараб предложениялъулъ лъалхъул ишара битIун лъураб бате.**

а) Дуца бикъила, мун вакъила.

б) Дуца бикъила: мун вакъила.

в) Дуца бикъила — мун вакъила.

г) Дуца бикъила; мун вакъила.

**5. Жинда жаниб лъалхъул ишара битIун лъураб жубараб предложение батIа гьабе.**

а) РоцIараб къо бачIина, ина нилъ АхIулгохIтIе.

б) РоцIараб къо бачIина: ина нилъ АхIулгохIтIе.

в) РоцӀараб къо бачӀина — ина нилъ АхӀулгохӀтӀе.
г) РоцӀараб къо бачӀина; ина нилъ АхӀулгохӀтӀе.

**6. БитӀун лъалхъул ишара лъураб жубараб предложение бихьизабе.**

а) ТункӀил кьвагьи бахъана: гӀанкӀ гурун ккана.
б) ТункӀил кьвагьи бахъана, гӀанкӀ гурун ккана.
в) ТункӀил кьвагьи бахъана гӀанкӀ гурун ккана.
г) ТункӀил кьвагьи бахъана — гӀанкӀ гурун ккана.

**7. Лъалхъул ишара битӀун лъураб жубараб предложение тӀасабище.**

а) Ракьулъе гӀураб хинлъиги ккун буго, рекьаризе бегъула нилъ.
б) Ракьулъе гӀураб хинлъиги ккун буго — рекьаризе бегъула нилъ.
в) Ракьулъе гӀураб хинлъиги ккун буго: рекьаризе бегъула нилъ.
г) Ракьулъе гӀураб хинлъиги ккун буго; рекьаризе бегъула нилъ.

**8. ГӀилла-мурад бичӀчӀизабулел нахърилълъиналъул рагӀаби рате.**

а) Гьединлъидал, гьелъие гӀоло, гьелдалъун.
б) Гьебмехалъ, гьебзаманалда.
в) ГӀадин, кинигин.
г) Щай абуни, щай гурелъул, щайгурого.

**9. Заманияб магӀна кьолел нахърилълъиналъул рагӀаби рихьизаре.**

а) Гьебмехалъ, гьебзаманалда.
б) Гьединлъидал, гьелъие гӀоло, гьелдалъун.
в) Щай абуни, щай гурелъул, щайгурого.
г) ГӀадин, кинигин.

**10. ХӀасил бичӀчӀизабулел нахърилълъиналъул рагӀаби тӀасарище.**

а) Щай абуни, щай гурелъул, щай гурого.
б) ГӀадин, кинигин.
в) Гьединлъидал, гьелъие гӀоло, гьелдалъун.
г) Гьебмехалъ, гьебзаманалда.

5. **Коч1олаб каламалъулъ ,цого гьаркьал такрарлъун,лъугьунеб дурусаб чвахи ккола:**
   а) эпитет
   б) метафора
   в) аллитерация
   г) лъаларо.

6. **«Рек1елъ иях1 бугев аск1овег1ан ц1ай» абураб асар хъвана:**
   а) Бакьагьеч1иса Ч1анк1аца
   б) Мух1амад Хирасулаевас
   в) Хъах1абросулъа Мах1мудица
   г) лъаларо.

7. **Йирчи Гъазахъ гьавуна ва хвана:**
   а) 1830-1879с.
   б) 1835-1885с.
   в) 1922-1956с.
   г) лъаларо.

8. **Сатирияб маг1наялда коч1одалъун яги хабарияб формаялда хъвараб гьит1инабго асар, жиндир мурадлъуни квешабги какун, инсан цо кинаб бугониги лъик1аб г1умруялде кант1изави кколеб асар буго:**
   а) роман
   б) хабар
   в) басня
   г) лъаларо.

9. **«Пилги ц1унц1раги» абураб басня хъвана:**
   а) А.С. Пушкиница
   б) Расул Х1амзатовас
   в) Ц1адаса Х1амзатица
   г) лъаларо.

10. **«Сулахъ», «Муг1рул ц1ум», «Х1анч1ик1к1ал» абурал поэмаби хъвана:**
   а) Муса Мух1амадовас
   б) Ибрагьим Утарбиевас
   в) Заид Х1ажиевас
   г) лъаларо.

11. **Т1атинч1еб дандекквей, цо предметалъе хасиятал г1аламатал цогиялде г1унт1изари:**
   а) гипербола
   б) дандекквей
   в) метафора
   г) аллитерация.

12. **Хабарияб формаялда, к1удияб сюжеталда г1уц1араб асар ккола:**
  а) хабар
  б) къиса
  в) роман
  г) лъаларо.

13. **1923 соналъ Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ гьавуна:**
  а) Ц1адаса Х1амзат
  б) Х1осен Х1ажиев
  в) Расул Х1амзатов
  г) лъаларо.

14. **Расул Х1амзатовасул т1оцебесеб т1ехьалде ц1ар бук1ана:**
  а) «Россиялъул солдатал»
  б) «Вац»
  в) «Х1асратаб рокьиги боркьараб ццинги»
  г) лъаларо.

15. **«Россиялъул солдатал» абураб асаралда жаниб бицен гьабулев маг1аруласул ц1ар буго:**
  а) Мух1амадов Мух1амадзагьид
  б) Мух1амадзагьид Г1абдулманапов
  в) Мух1амадзагьидов Г1абдулманап
  г) лъаларо.

**Ф.Г1алиевалъ «Маг1арулав» абураб кеч1 хъвана:**
  а) Т1агир Къурачевасде
  б) Мух1амад Г1умаровасде
  в) Даку Асадулаевасде
  г) лъаларо.

16. **«Дол рук1ана рагъ лъуг1арал сонал» абун байбихьула:**
  а) «Ваг1араб щуб»
  б) «Г1алибегил къулг1а»
  в) «Имам Х1амзат»
  г) лъаларо.

17. **«Госпиталалъул вас» абураб асар ккола:**
  а) къисаялъул кесек
  б) романалъул кесек
  в) хабаралъул кесек
  г) лъаларо.

18. **Багъатар Х1ажиевас хъвараб асар ккола:**
  а) «Сабаб»
  б) «Эбелалда дандч1вай»
  в) «Дихъ ралагьун ч1а, муг1рул»
  г) лъаларо.

**19. Т1абиг1аталъул сипат-сурат, жиндир маг1наги бараб бук1унеб авторас асар хъван бугеб къаг1идаялда абула:**

а) къиса
б) хабар
в) пейзаж
г) лъаларо.

**20. Эфенди Капиев гьавуна:**

а) Унсоколов
б) Гъумекив
в) Т1адинхов
г) лъаларо.

**21. Гьал мухъал кинаб асаралда жаниса росарал**

*Ц1ад къот1ана, бак1-бак1азда нак1к1азда гьоркьосан хъах1илаб зоб бихьизе лъугьана...*

а) «Сабаб»
б) «Маг1арухъ чвахунц1ад»
в) «Гороч»
г) лъаларо.

**22. Гьал коч1ол мухъал лъица хъвараб асаралдаса росарал:**

*Туманк1ул х1араялъуб*
*Къараб гулла кинигин,*
*Къасигун къад дир рек1елъ*
*Руго къан ургъалаби.*

а) Ц1.Х1амзат
б) М. Сулиманов
в) Къуркълиса Щаза
г) лъаларо.

**23. Ц1акъго цебе батараб, кагътида хъвач1еб. Цояз цоязде бицун халкъалъ ц1унараб, жиндир хасав авторги гьеч1еб асар ккола:**

а) фольклор
б) адабият
в) эпитет
г) лъаларо.

**24. Гьал коч1ол мухъал кинаб асаралдаса росарал:**

*Чармиял къолден рет1ун, чу рек1арасда*
*Чияр ханжаралъул лъаларо ургъел.*
*Нижее абуни хвасарлъи гьеч1о*
*Хвалил ч1ораздаса ва рахсаздаса.*

а) «Икъбал»
б) «Кицабиял алфазал» в) «Сибиралдаса къагъат» г) лъаларо.

**25. «Къайицадахъал» абураб асар ккола:**

а) хабар
б) маргьа в) кеч1 г) лъаларо.